

# KONSÈY POU PREPARASYON POU SIKLÒN

Katastwòf natirèl tankou siklòn ka fè enpak negatif sou sante nou, sekirite nou, ak anviwònman an. Genyen divès fason piblik la ka pwoteje tèt li ak anviwònman an anvan yon tanpèt rive.



## Èske ou te konnen?

Sezon siklòn atlantik la kòmanse nan dat 1 Jen epi li fini nan dat 30 Novanm chak ane. Sezon siklòn pasifik la se nan dat 15 Me pou rive 30 Novanm.

## PREPARE YON KIT MATERYÈL

Li enpòtan anpil pou ou genyen yon kit dijans pou prepare pou katastwòf natirèl, tankou siklòn. Yon kit debaz kapab genyen ladan kèk bagay tankou manje ki nan bwat, dlo, materyèl premye swen, yon lòt sous limyè, menm jan ak lòt atik. Anplis, li enpòtan pou mete yon galon dlo pou chak moun ak bèt domestik yo pou omwen twa jou.

## DEVLOPE YON PLAN FAMILYAL

Fè yon plan dijans ki genyen ladan tout manm nan fanmi imedya ou yo se yon gran fason pou rete òganize anvan yon ouragan. Plan an ka genyen ladan lòt fason altènatif pou kontakte manm fanmi yo, sa pou w fè si ou separe, ak enfòmasyon kontak ki enpòtan.

## PREPARE KAY OU

Siklòn yo mennen domaj ki inevitab nan estrikti, ki genyen ladan kay. Asire w ke atik tankou penti oswa ajan netwayaj yo sekirize oswa byen konsève ki ka prevni rejè pwodwi chimik ak sibstans yo, ki ede redwi dechè ki danjre nan kay (HHW) pandan siklòn yo.

## KONNEN KIMOUN POU KONTAKTE

Li enpòtan pou konnen kilès pou rele pandan ijans yo. Si ou genyen yon pwoblèm imedya oswa yon pwoblèm ki mòtèl, toujou rele 911. Si ou remake devèsman oswa eliminasyon lwil, sibstans chimik, oswa sibstans ki danjre ki soti nan yon siklòn, rele Sant Nasyonal pou Entèvansyon an nan 800-424-8802.

## FÈ PAWÒL LA MACHE

Asire w ke ou pataje resous sou preparasyon yo avèk zanmi ak fanmi. Genyen anpil zouti ki disponib ki ka ogmante sekirite pou moun ak pou kominote yo.